Bible for Shildren

Wen Baba God Kreate Everitin



Na Edward Hughes write am

Na Byron Unger; Lazarus; Alastair Paterson Illosrate am

Na Bob Davies; Tammy S. Adapt am

Na www.christain-translation.com translate am

Na Bible for Children produce am
www.M1914.org

©2021 Bible for Children, Inc.
License: You get di right to copy or print dis story,
as long as you nor dey sell am.

Na Who kreate us? Di Bible, Word of God, tell us how di human mata start. Long time ago, God make di very first man E call am Adam.



God make Adam from inside dust of di eart. Wen God breat life for inside Adam, e kom get live. Hin see himsef for inside beautiful gardin wey dem call Eden.



Bifor God make Adam, E make beautful world wey full wit wonderful tins. Step by step na hin God take make mountains dem and all di open places dem, …



… fine-fine flowers and tall trees, birds dem wey get bright feather and bees wey dey sing, whales wey run for inside water and snails wey dey slip. In fact, God make everytin wey dey bi - everitin.



For di veri beginning, bifor God kreate anytin, nothing dey but na only God dey. Pipol or places or tins. Nothing.



Light nor dey and darkness nor dey. Up and down nor dey sef. Yesterday nor dey and tomorrow nor dey. Na only Baba God dey Wey nor get beginning. Na so God kon act!

Wen di world just start, Baba God kreate di heavens and di eart.

And di eart nor get shape at all. And darkness kover di wota. So Baba God kon tok sey. "Make lite kom."



And di lite kon kom. Baba God koll di lite Day and di darkness E koll am Nite. And dat evening and morning kon make am di first day.



On di sekond day. God sey, Make di wota wey dey under di sky gada for one place. On di third day God tok sey "Make dry groun kom out."
And na so e kon bi.



God kon sey, "Make di land produce
difren plants plants wey go bear
seeds akordin to
how dem bi."

So dat evening and morning
kon make am di third day.

Na so God make di sun and di moon, and plenty star wey nobody fit kount. And dat evening and morning kon make am di fourt day.



God kreate di big-big fish for sea and evry oda tin wey dey stay inside wota and difren-difren birds. God si sey dem dey good.

God bless dem kon sey, Make una stay di wota kon born many shidren and make di birds born many pikin full di sky. So dat evening and morning kon make am di fift day.

Den God sey, "Make di land produce difren animals akordin to dia kind: kattle, tins wey dey creep for groun and wild animals akordin to dia kind." And na so e kon bi.



God make wild animals, kattle and evritin wey dey creep for grounakordin to dia kind. God kon si sey dem dey good. Na all kin animals God kreate dat day.

And dat evening and morning
kon make am di sixt day.



Baba God kon do anoda tin on di sixth day – sometin wey dey very special. Everitin don ready for Man. Food dey for farm and animals dey to serve am.



Den God sey, "Make wi kreate human being like Awasef, just as wi bi, so dat dem go bi oga ova di eart."

SO GOD KON KREATE HUMAN BEING LIKE ENSEF; AS GOD BI, NA SO E KREATE DEM.

Den Oga God kommand di man sey, “Yu fit chop from evry tree wey dey di gardin, but make yu nor chop from di tree wey get life; wey dey make pesin know tins; …

… di tree wey dey good and bad, bikos wen ever yu chop from am, na dat day, yu go die."

Den God kon sey, "E nor good make only man dey. I go gi-am somebody wey go make belle sweet am." God make evritin wey get life from di groun.

E bring dem kom meet di man make e give dem name and any name wey di man koll any animal, na dat name go follow am.
So man name all di animals, birds for di sky and evritin wey get life for di eart, but Adam nor si anytin wey bi like am.



So Oga God kon make man sleep deep sleep and as e dey sleep, God take one from di man rib kon use flesh kover di place. Den Oga God make anoda pesin from di rib wey E take from di man, den E bring am kom meet di man.

God kon kreate evritin wey dey di heaven and di eart finish. For di sevent day, God finish di work wey E dey do and E kon rest.

For inside di Garden of Eden, Adam and Eve hin wife get perfect happiness as dem dey obey God. God na dia LORD, dia Provider and dia Friend.



Wen Baba God Kreate Everitin

Story wey kom from di Word of God, di Bible,

dey for inside

Jenesis 1-2

"Di tishing for your word
dey give lite."
Psalm 119:130

Na Di End

Dis Bible story dey yarn us about our wonderful Baba God wey kreate us and Hin wan make wi sabi Am.

God sabi sey wi don do bad tins, wey Hin dey call sin. Di punishment for sin na die, but Baba God love you too much wey Hin kon send Hin only Pikin, Jesus, make Hin kom die on top Kross and make dem punish am for your sins. Den Jesus kon kom back to life and kon go back to Heaven! If you believe inside Jesus and you kon ask Am to forgive your sins, Hin go do am! Hin go kom and live inside you now, and you go live wit Am foreva.

If you believe sey dis na di truth,
tok like dis to God:

Dear Jesus, I believe sey You bi God, and kon bikom man to die for my sins, and now You dey live again. Abeg kom inside my life and forgive my sins, so dat I go fit get new life now, and one day I go fit dey wit You foreva. Helep me to obey You and live for You as Your pikin. Amen.

Read di Bible and tok wit God every day!
John 3:16